



BIWO POU ÈD TANPORÈ AK ASISTANS POU MOUN KI ANDIKAPE LETA NOUYÒK

## MEN KIJAN POU FÈ YON APLIKASYON POU BENEFIS KOUAPON POU ACHE MANJE AK DWA E RESPONSABILITE YON APLIKAN OSWA YON BENEFISYÈ PWOGRAM KOUAPON POU ACHE MANJE A



### ***Sèvi ak fòm sa a pou aplike pou koupon pou Achte Manje sèlman***

Si w ap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje (FS) sèlman ou ka sèvi ak fòm aplikasyon kout sa a. Si w ta renmen fè aplikasyon pou lòt benefis tankou Asistans Tanporè, Asistans pou Swen Timoun, Asistans pou Enèji nan Kay oswa Medicaid, tanpri mande yon lòt fòm aplikasyon.

*Ou ka sèvi ak fòm aplikasyon sa a pou fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman.*

### **Lè w ap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje**

- Ou ka voye aplikasyon an menm jou ou resevwa li a. Si w kalifye, yo pral ba w benefis apatide jou ou voye aplikasyon w lan.
- Ou ka voye yon aplikasyon anvan ou gen yon antrevi.
- Nou dwe aksepte aplikasyon w lan, si omwen, li gen non w, adrès ou (si w gen youn) ak yon siyati sou li. Enfòmasyon sa a pral fè nou konnen dat ou voye aplikasyon w lan. Sepandan pwosesis aplikasyon an, ki gen ladan entèvyou a, dwe konplè e nou dwe entèvyouve w pou kapab detèmine si w elijib.
- Ou ka fè aplikasyon epi resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou moun ki nan kay ou ki kalifye menmsi oumenm oswa lòt moun nan kay la pa kalifye pou resevwa benefis poutèt kondisyon imigrasyon nou. Pa egzanp, paran etranje ki pa kalifye kapab fè aplikasyon pou Koupon pou Achte Manje epi resevwa benefis sa yo pou pitit yo ki elijib.
- Ou toujou gen dwa soumèt yon aplikasyon e ou kapab elijib pou resevwa benefis Koupon pou Achte Manje menm si ou te atenn limit tan Asistans tanporè a.

### **Èske w bezwen Benefis Koupon pou Achte Manje touswit?**

### **Ou kapab elijib pou tretman aplikasyon w konsènan Benefis Koupon pou Achte Manje ki pi rapid.**

Si tout moun nan kay ou pa fè anpil kòb oswa pa gen lajan ki rantrè ditou oswa pa gen lajan kach, **oswa** si lwaye ak depans sèvis piblik ou genyen plis pase lajan ou touche ak lajan kach ou genyen, **oswa** ou se yon migran oswa yon fèmme ki travay pa sezon ki pa fè anpil kòb oswa pa gen lajan oswa lòt resous ki rantrè ditou, ou kapab kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje sou 5 jou nan kalandriye a apatide dat ou fè aplikasyon pou benefis yo. Travayè sosyal ou a pral toujou revize sikonstans ou yo pou li wè si w kalifye pou resevwa sèvis prese prese lè w fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje w yo. Gen yon pwosedi ki egziste pou akòde benefis Koupon pou Achte Manje bay tout fanmi yo ki ranpli estanda pou sèvis prese prese.

### **Ki kote ou kapab aplike pou benefis Koupon pou Achte Manje ?**

Si w rete **andeyò** vil Nouyòk, rele oswa vizite depatman lokal, sèvis sosyal w a nan Konte kote w viv la e mande yo tout fòm ki nesèsè pou ranpli yon aplikasyon. Wa jwenn enfòmasyon sou adrès ak nimewo telefòn yo si w rele gratis nan **1-800-342-3009**.

Si w abite **Vil Nouyòk** e w **p ap** fè yon aplikasyon an menm tan pou Asistans Tanporè, rele oswa ale nan nenpòt Biwo Benefis Koupon pou Achte Manje epi mande yo tout fòm ki nesèsè pou ranpli yon aplikasyon. Wa jwenn enfòmasyon sou adrès ak nimewo telefòn yo si w rele gratis nan **1-877-472-8411** oswa rele nimewo gratis **1-800-342-3009**.

### **Èske w Gen Difilte pou Vini Kote Nou Pou Yon Randevou Pou Resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje?**

Si li difisil pou ou vini nan **biwo nou nan** yon randevou pou fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje (akòz pa egzanp, travay, pwoblèm sante oswa pwoblèm swen timoun), ou ka fè yon lòt moun fè aplikasyon pou ou. Ou ka voye aplikasyon w lan ba nou pa lapòs oswa ou ka vin depoze li, epi nan kèk sikonstans nou kapab fè yon antrevi nan telefòn avèk ou.

Tanpri kontakte Depatman Sèvis Sosyal lokal ou an si w gen nenpòt kesyon, pou w wè si w elijib pou yon entèvyou nan telefòn **oswa si w bezwen chanje dat yon entèvyou**.

## MEN KI JAN POU FÈ YON APLIKASYON/RESÈTIFIKASYON POU BENEFIS KOUPON POU ACHE MANJE

Tanpri **EKRI AN LÈT MAJISKIL** ak plim ble oswa nwa.

**PA** ekri an lèt majiskil nan seksyon ki fonsè yo.

Ou fèt pou ranpli chak seksyon.

Si w ap fè aplikasyon pou yon moun antanke reprezantan moun nan, tanpri ekri enfòmasyon moun nan an lèt majiskil, pa ekri enfòmasyon pa ou.

### **SEKSYON 1: ENFÒMASYON SOU MOUN K AP FÈ APLIKASYON AN**

**NON: EKRI AN LÈT MAJISKIL** non legal ou, ansanm ak prenon w, non batèm ou ak siyati w.

**NIMEWO TELEFÒN: EKRI AN LÈT MAJISKIL** nimewo telefòn lakay ou.

**LÒT TELEFÒN: EKRI AN LÈT MAJISKIL** lòt nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou.

**ADRÈS KOTE W RETE: EKRI AN LÈT MAJISKIL** ri, avni, wout, eksetera kote ou rete kounye an. **EKRI AN LÈT MAJISKIL** vil kote ou rete a.

**EKRI AN LÈT MAJISKIL** kòd postal ou.

**ADRÈS KOTE W RESEVWA LÈT PA LAPÒS: EKRI AN LÈT MAJISKIL** adrès kote w resevwa lèt lapòs si li diferan de kote w rete a.

**LÒT NON: EKRI AN LÈT MAJISKIL** nenpòt non jennfi, non ou te pran lè w te marye anvan, oswa lòt non nenpòt moun ki sou lis la te konn itilize oswa itilize kounye a.

Make (✓) si wap fè aplikasyon oswa wap resètifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje..

Make (✓) si w ta renmen resevwa avi an Panyòl **ak** ann Angle oswa ann Angle sèlman.

**SEKSYON 2:** Siyen non ou e ekri dat la, **SÈLMAN** si ou vle soumèt aplikasyon ou san ou pa ranpli paj ki annapre koulye a. Se pou w konplete aplikasyon an nèt pou nou kapab konnen si w elijib.

### **SEKSYON 3 : ENFÒMASYON OSIJÈ MOUN KI ABITE NAN MENM KAY LA :**

**EKRI NON TOUT MOUN KI ABITE AVÈK OU, MENMSI YO PA P APLIKE ANSANM AVÈK OU.**

**EKRI AK LÈT MAJISKIL** tout non ou anpremye. Apre sa **EKRI AK LÈT MAJISKIL** non lòt moun k ap viv avèk w yo :

**EKRI AK LÈT MAJISKIL** dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si yon moun pa gen Nimewo Sekirite Sosyal, enskri « none » ki vle di « pa genyen. »), estati sivil, gason oswa fi pou chak moun k ap aplike.

Make (✓) Wi oswa Non pou di nou kimoun k ap aplike.

**EKRI AK LÈT MAJISKIL** ki relasyon w genyen ak **chak** moun ki abite nan kay la avèk w (pa ekzanp : madanm, pitit gason, zanmi, elatriye,).

Make (✓) Wi, si moun sa a achte oswa ede w prepare manje.

Make (✓) Wi oswa Non pou endike si chak moun k ap aplike se Ispanik oswa Latino yo ye.

Enskri W (WI) oswa N (NON) pou chak ras.\*

Kòd ras/etnisite yo : **A** - Natif Natal Ameriken oswa abitan Natif Natal Alaska, **AZ** – Azyatik, **N** – Nwa oswa Afriken Ameriken, **P** – Abitan Natif Natal Awayi oswa Abitan Zile Pasifik yo, **B** - Blan **U – Pa konnen (MA SÈLMAN)**

\*Kestyon sa yo fakiltatif men, si w pa reponn yo moun k ap dirije entèvyou a ap oblije anrejistre selon sa li obsève limenm. Enfòmasyon sa yo pa p afekte elijibilite w.

**SEKSYON 4** : Reponn tout kesyon nan paragraf 4. Ekri non tout moun ki pa sitwayen Ameriken.

**SEKSYON 5 : REVNI** : Make *tout* lajan revni oumenm ak nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou rantre nan men yo. EKRI AN LÈT MAJISKIL non moun ki touche revni a, sous kote revni a soti epi chak konbyen fwa moun nan resevwa revni a. Revni yo ka enkli: Revni ki fèt nan travay regilye (salè), revni ki fèt anvan grèv, revni pou aprantisaj nan travay, rezèv militè, gad nasyonal, revni pou estaj ou fè kòm elèv, pansyon alimantè, lajan sipò pou timoun, asistans pou edikasyon (sibvansyon, bous pou etid, eksetera), zanmi oswa fanmi (eksepte lajan ou prete) asistans piblik, pansyon oswa retrèt, Revni Anplis pou Sekirite [Supplemental Security Income (SSI)], benefis Sekirite Sosyal, benefis veteran, benefis asirans chomaj, benefis asirans pou aksidan nan travay, gadri timoun, kondwi taksi, netwaye kay oswa lòt bilding, agrikilti/jaden, lajan lwaye ki touche nan men moun ki lwe chanm lakay ou, lajan ki touche nan men moun ki nan pansyon lakay ou, revni ou fè nan travay atizana.

**NÒT**: Peman pou Swen Adoptif ak Benefis Koupon pou Achte Manje– Ou ka chwazi pou w mete timoun oswa granmoun ou bay swen adoptif la nan Benefis Koupon pou Achte Manje tout kay la ap resevwa a. Si w chwazi pou fè sa, n ap konte tout peman w resevwa pou èd alimantè kòm revni. Tout lòt revni oswa resous w benefisye pou timoun ki nan plasman familyal la ap konsidere kòm revni. Si w gen nenpòt kesyon konsènan sijè sa a, pa manke diskite l ak asistan sosyal la.

Ou fèt pou reponn tout lòt kesyon ki nan seksyon 5 la.

**SEKSYON 6 : RESOUS** : Resous pa afekte elijibilite pifò fanmi yo ki aplike pou Benefis Koupon pou Achte Manje. Sepandan, enfòmasyon konsènan resous yo pèmèt nou konnen si w kalifye pou nou trete aplikasyon w la ann ijans, san pèdi tan.

Reponn tout kesyon ki nan Seksyon 6 la pou oumenm ak pou tout moun kap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje. Make montan an oswa valè a an dola (\$) epi make non moun ki gen resous la. **Ou dwe make tout resous ki genyen ankomen ak lòt moun.** Resous sa yo ka nenpòt nan bagay sa yo: lajan kach ou gen nan men ou, lajan kach lòt moun kenbe pou ou, kont kouran (*checking account*) oswa kont epay, bon pou epay oswa kont pou retrèt, plan pansyon, kont pou devlopman pèsonèl, aksyon ak bon, fon mityèl, sètifika bankè, bilding, tè, pwopriyete ki nan lwaye, kay vakans oswa kay plezi ki pa kay kote w rete a.

**SEKSYON 7 : ARANJMAN POU KAY AK DEPANS POU VIV :**

AN LÈT MAJISKIL montan lajan ou peye pou lwaye, ipotèk (*mortgage*), pansyon oswa lòt kalite lojman. Make montan lajan ou peye pou taks pou kay ak asirans pou kay (ansanm ak asirans dife) an dola (\$).

Si w peye pou chofaj apa, make (✓) ki kalite chofaj ou genyen.

Endike tou, si :

- ou peye pou lòt sèvis piblik apa, anplis lwaye/ipotèk (*mortgage*) ou, si ou peye pou telefòn oswa èkondisyone, epi si w peye pou bagay sa yo, kimoun kip eye pou depans apa yo ?
- gen nenpòt moun kap peye sipò pou timoun dapre yon lòd tribinal, epi si gen moun kap peye sipò pou timoun, di konbyen lajan moun lan peye epi chak konbyen fwa li fè peman yo?
- nenpòt moun, kap fè aplikasyon, gen depans medikal tankou sèvis enfimyè adomisli, fo dan, aparèy pou ede moun tande, linèt, chyen pou avèg oswa bèt pou sèvis, asirans maladi ak peman pou tretman kay doktè, swen lopital oswa swen enfimyè, sèvis medikal oswa sèvis dantè, preskripsyon pou medikaman oswa transpòtasyon pou al kay doktè oswa lopital oswa nan klinik?
- nenpòt moun nan kay la gen Medicaid, ki baze sou yon montan ki depase montan kalifikasyon an (*spendown*), si repons lan se wi, kilès moun sa a ye epi konbyen kòb li ye?
- nenpòt moun lakay ou enskri nan lekòl oswa nan pwogram fòmasyon, epi si gen moun ki fè sa, ki moun epi ki kote?

Ou fèt pou reponn tout lòt kesyon ki nan seksyon 7 la.

**SEKSYON 8 : DEKLARASYON LEGAL:** Li seksyon sa a ak anpil atansyon, oswa fè yon moun li seksyon an pou ou.

Pou **Lifeline**, moun kap fè aplikasyon oswa ki resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje yo dwe make (√) kazye a, si w **pa bay** Biwo Asistans pou Moun Andikape ak Asistans Tanporè Eta Nouyòk otorizasyon pou li bay konpayi ki ba w sèvis telefòn lan non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou. Konpayi ki ba w sèvis telefòn nan ka sèvis ak enfòmasyon sa a pou li enskri w otomatikman nan **Sèvis Lifeline** li a pou w ka jwenn yon rabè sou tarif telefòn ou. Lifeline se tarif telefòn debaz ki mwen chè konpayi ki bay sèvis telefòn yo genyen an.

**Remak:** Lalwa Eta Nouyòk bay dwa pou enpoze amann oswa prizon, oswa toude pou moun yo jwenn koupab paske moun nan sere enfòmasyon oswa bay manti pou li ka jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje.

**SEKSYON 9 : REPREZANTAN OTORIZE POU BENEFIS KOUPE POU ACHE MANJE :** Si w chwazi yon moun ki pa rete avèk w nan kay la pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje a oswa pou l Achte Manje pou w, EKRI NON LI AK LÈT MAJISKIL, adrès li ak nimewo telefòn li.

**SEKSYON 10 : SIYATI YO :** Siyen non ou. Si w se yon Reprèzantan otorize, oumenm ansanm avèk chèf fanmi a fèt pou siyen ak ekri dat la nan paragaf ki rezève pou sa nan paj 5 fòm Aplikasyon / Resètifikasyon an.

Lè yon Reprèzantan otorize aplike pou yon fanmi pou li benefisye ak Koupon pou Achte Manje, epi fanmi sa a pa rezide nan yon enstitisyon, **toude** Reprèzantan otorize ansanm ak chèf fanmi a oswa yon adilt responsab ki manm fanmi a, dwe siyen epitou enskri dat la nan seksyon ki apwopriye yo ki anba Paj 5 Aplikasyon/Resètifikasyon an.

**SEKSYON 11 : ENFÒMASYON ANPLIS :** Sèvi ak seksyon sa a pou ba nou enfòmasyon anplis ou panse nou ta ka bezwen konnen.

**SEKSYON 12 : KONSANTMAN POU RETIRE TÈT OU:** Si w deside pou w pa fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje ankò, siyen non w epi mete dat la. Ou ka fè aplikasyon ankò nenpòt ki lè.

**Remak:** Dènye paj aplikasyon sa a se yon aplikasyon pou enskri pou vote. Si w ta renmen ranpli yon fòm aplikasyon pou enskri pou vote mande travayè sosyal ou a. Menmsi w fè aplikasyon pou enskri pou vote oswa ou refize enskri pou vote, sa pap afekte elijibilite w oswa montan asistans ajans lan ap deside ba w.

Nap antre epi nap kenbe enfòmasyon ki nan aplikasyon ou lan ak nan antrevi ou la nan Sistèm Administrasyon Byennèt Sosyal la [Welfare Management System (WMS)], se yon sistèm òdinatè nou genyen nan tout eta a. Nou sèvi ak sistèm sa a pou nou fè amelyorasyon nan administrasyon Pwogram Sèvis Sosyal yo epi pou nou ka anpeche magouy.

## LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KIANNAPRE YO

# DWA E RESPONSABILITE YON APLIKAN OSWA YON BENEFISYÈ PWOGRAM KOUPOU POU ACHE MANJE A

**W ap jwenn enfòmasyon siplemantè konsènan dwa w ak responsabilite w nan Liv enfòmasyon Kliyan yo (LDSS-4148A; LDSS-4148B ak LDSS-4148C). W ap jwenn liv sa yo nan distri lokal ou.**

### KÒM APLIKAN OSWA BENEFISYÈ BENEFIS KOUPOU POU ACHE MANJE, OU GEN SÈTEN DWA.

#### **OU GEN DWA POU YO BA W YON ENTÈVYOU :**

- Dat entèvyou a fèt pou fikse nan yon dat ki pi pwòch posib, yon jan pou detèmine elijibilite w e otorize voye benefis yo nan yon peryòd 30 jou apre w fin ranpli aplikasyon an.
- Yon moun mè akonpaye w pou sèvi kòm entèprèt pou w. Si w bezwen yon entèprèt, ajans la ap founi w youn. Yo pa gen dwa refize w sèvis sa a poutèt ou pa pale Angle kouraman oswa w gen difikilte pou pale oswa tande.  
Distri lokal yo kapab itilize sistèm ki rele TTY/TTD pou yo jwenn sèvis pou moun ki gen difikilte pou tande oswa pale, pou yo ede aplikan oswa benefisyè yo. Si w gen bezwen pou sèvis espesyal, w mè mande distri lokal w a pou yo founi w aranjanman espesyal.
- Si w andikape, ou genyen menm dwa pou patisipe e pou yo akòde w yon entèvyou pou Pwogram Koupon Manje tankou yon moun ki pa andikape.
- Yo fèt pou enfòmasyon w nan yon peryòd 30 jou apre ou te remèt aplikasyon w pou Benefis Koupon pou Achte Manje si Aplikasyon w la apwouve oswa refize. Si w elijib pou yon pwosesis dijans, nan yon peryòd 5 jou apre w te remèt aplikasyon w la (fè demann), yo fèt pou enfòmasyon w si w kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje.
- W kapab mande pou yo anile entèvyou nan Biwo a poutèt ou nan yon sitiyo finansyè ki difisil. Difisil vle di, men li pa limite ak ekzanp sa yo sèlman : maladi, absans transpò, oblije pran swen yon moun nan kay la, ou abite nan yon zòn rural, move tan pwolonje, lè travay oswa antrenman ki anpeche w vini pandan lè biwo distri sèvis sosyal ap fonksyone. **N ap elimine entèvyou nan biwo a, si w mande l, poutèt tout manm adilt ki rete avèk w nan kay la se granmoun oswa moun ki andikape ki pa genyen okenn revni.** Ajans la kapab ranplase entèvyou nan Biwo ak yon entèvyou nan telefòn oswa fikse dat pou li fè yon vizit nan kay la. Entèvyou ak moun fèt pou fikse alavans nan yon anplasman toulede pati aksepte ikonpri nan kay yon fanmi.
- Mande pou yo remèt ou yon avi ekri pou enfòmasyon w si aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje a apwouve oswa refize :
  - Si aplikasyon w la apwouve, avi sa a ap di w montan Koupon Pou Achte Manje w ap resevwa;
  - Si aplikasyon w la refize, avi sa a ap di w pouki sa e sa w dwe fè si w pa dakò oswa si w pa konprann desizyon sa a.

#### **OU GEN DWA GENYEN YON KONFERANS OSWA YON ODYANS KI EKITAB**

Si w kwè nenpòt desizyon osijè dosye w la pa bon, oswa si w pa konprann kèlkeswa desizyon an, diskite sa avèk asistan sosyal la touswit. Si w kontinye pa dakò oswa w pa konprann, w gen dwa pou yo akòde w yon **Konferans** ak/oswa yon **Odyans Ekitab**.

**KONFERANS** – Yon konferans se lè w jwenn ak yon moun diferan ki pa moun ki te pran desizyon nan dosye a. Pandan Konferans la moun sa a pral revize desizyon an. Pafwa Konferans an se mwayen ki pi rapid pou jwenn yon solisyon ak pwoblèm w kapab genyen yo. Nou ankouraje w pou w mande pou yon konferans **menm si w te mande yon Odyans Ekitab**. Sepandan, konferans yo fakiltatif, e w kapab mande pou yon Odyans Ekitab menm si w pa mande yon Konferans. Pou reklame yon Konferans, rele oswa ekri depatman lokal sèvis sosyal la.

**YON KONFERANS SE PA MENM BAGAY AK YON ODYANS EKITAB.** Si yo di w dosye w la fèmen, oswa benefis koupon pou Achte Manje w oswa lòt èd w ap resevwa yo pral chanje, epi pwoblèm w pa regle apre konferans la, se pou w reklame yon **Odyans Ekitab** pou w sa konsève benefis koupon pou Achte Manje w yo oswa lòt èd w ap resevwa yo epi pou yo pa chanje nonplis. Tan w genyen pou reklame yon Odyans Ekitab ansanm ak dwa w pou « èd la kontinye » pa p ralonje poutèt w mande oswa yo akòde w yon konferans.

**REMAK :** Yon demann pou yon Konferans se pa yon demann pou yon Odyans Ekitab. Si w vle yon Odyans Ekitab, se pou w mande pou youn.

## LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANNAPRE (Kontinyasyon )

**ODYANS EKITAB** – Yon Odyans Ekitab se yon chans w genyen pou eksplike yon Jij dwa administratif ki se manm Biwo Leta Nouyòk pou èd tanporè ak asistans pou andikape poukisa w kwè desizyon yo pran nan dosye w la pa bon. Se Leta ki pral remèt lè sa a yon desizyon ekri ki pral konfime oswa refize desizyon sèvis sosyal depatman lokal la. Desizyon ekri a kapab kòmande sèvis sosyal depatman lokal la pou l korije dosye w la.

Nan yon Odyans Ekitab w pral gen yon chans pou eksplike poukisa w kwè desizyon an pa bon.

**TAN POU REKLAME ODYANS EKITAB LA LIMITE** - Si w vle mande yon Odyans Ekitab pou Benefis Koupon Pou Achte Manje, rele **touswit poutèt tan** an limite. Si w tann twòp, petèt w pa p kapab benefisye yon Odyans Ekitab.

**REMAK** : Si sitiyasyon w kritik anpil, Biwo Èd Tanporè ak asistans pou moun ki andikape Leta Nouyòk ap òganize yon odyans pou w touswit. Lè w rele oswa w ekri pou w jwenn yon Odyans Ekitab, eksplike kareman jan sitiyasyon w la kritik.

**Si w resevwa yon avi konsènan dosye w e w vle mande yon Odyans Ekitab**, avi a ap endike konbyen tan ou genyen pou fè demann pou yon Odyans Ekitab. **Pran san ou pou li tout avi a nèt avèk anpil atansyon.**

**Si avi w enfòmè w yo te refize, deside sispann oswa deside redui Benefis Koupon pou Achte Manje w, ou kapab mande yon Odyans Ekitab pou yon Odyans Ekitab pandan yon peryòd 90 jou apre dat ki ekri sou avi a. Ou gen dwa mande yon Odyans Ekitab si ou kwè w pa p resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje ki sifizan a nenpòt ki lè pandan peryòd sètifikasyon an.**

**Si w pa resevwa yon avi osijè dosye w la**, epi yo refize, sispann oswa redui Benefis Koupon pou Achte Manje w la, w toujou kapab mande pou yon Odyans Ekitab.

### ***MEN KI JAN POU MANDE YON ODYANS EKITAB***

**Si w resevwa yon avi osijè dosye w la** e w vle reklame yon Odyans Ekitab, avi a pral endike w chimen pou w pran. **Pran san ou pou li tout avi a nèt avèk anpil atansyon.**

Si w resevwa yon avi ki enfòmè w y ap sispann oswa redui benefis ou yo, epi ou reklame yon Odyans Ekitab anvan dat efektif ki sou avi an, lajan ou resevwa a oswa lòt èd yo anjeneral ap rete menm jan (« **Kontinyasyon èd la** ») jislè yo pran yon desizyon Odyans Ekitab la. Si yo pa t espedye avi a anvan dat efektif la, epi w mande pou yon Odyans Ekitab nan yon peryòd **10** jou apre **dat ki make sou lapòs la**, w toujou gen dwa pou lajan oswa lòt fòm èd w resevwa yo rete menm jan (« **Kontinyasyon èd la** ») jislè desizyon Odyans Ekitab la pran.

Sepandan si w te benefisye « **èd la ap kontinye** » e w pèdi Odyans Ekitab la, w ap oblije ranbouse tout benefis w te resevwa antan « **Kontinyasyon èd la** » pandan yo t ap tann desizyon Odyans Ekitab la.

Si w **pa vle** pou yo peye w lajan oswa pou yo ba w lòt fòm èd yo w konn resevwa yo pandan y ap tann desizyon Odyans Ekitab la, se pou w enfòmè Biwo pou Èd tanporè ak asistans pou moun ki andikape Leta Nouyòk lè w rele oswa lè w ekri yo pou reklame yon Odyans Ekitab.

**Si w pa resevwa yon avi osijè dosye w la**, e yo sispann oswa redui benefis w, w toujou kapab mande pou yon Odyans Ekitab. An menm tan w ap reklame Odyans Ekitab la, mande pou yo retabli vèsman lajan an oswa lòt fòm èd yo (« **Kontinyasyon èd la** »).

## LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANNAPRE (Kontinyasyon )

### FASON POU PREPARE OU POU YON ODYANS EKITAB

Biwo pou Èd tanporè ak asistans pou moun ki andikape Leta Nouyòk ap voye yon avi ba w pou enfòmè w kilè ak ki kote Odyans Ekitab la pral dewoule.

Pou ede w prepare w pou Odyans Ekitab la w gen dwa konsilte dokiman ki nan dosye w la epi pou jwenn kopi nenpòt lòt pyès ki ladan l si w kwè w kapab bezwen yo pou prepare Odyans Ekitab la. Ou kapab jwenn kopi gratis sa yo ansanm ak lòt dokiman ki nan dosye w ou kwè ou ta ka bezwen pou Odyans Ekitab la. Nòmalman w kapab jwenn pyès dokiman sa yo anvan odyans la oswa pou pita nan moman odyans la. Si w reklame nenpòt dokiman, epi depatman lokal sevis sosyal la pa ba w yo anvan odyans la oswa nan moman odyans la, se pou w enfòmè Jij Dwa Adiministratif la.

Ou kapab mande yon avoka, yon fanmi oswa yon zanmi akonpaye w nan Odyans Ekitab la pou ede w eksplike pou kisa w kwè desizyon osijè dosye w la pa bon. Si w pa kapab patisipe nan Odyans Ekitab la, w kapab mande yon lòt moun pou ranplase w. Si w ap voye yon moun ki pa avoka nan plas w nan Odyans Ekitab la, se pou w bay moun sa a yon lèt li va remèt Jij Dwa Administratif la. Lèt sa a dwe enfòmè Jij la se moun sa a k ap ranplase w.

Pou ede w eksplike nan Odyans Ekitab la rezon ki fè w kwè desizyon an pa bon, w mèt mande nenpòt temwen pou l akonpaye w, ou mèt vini tou avèk nenpòt enfòmasyon ou genyen tankou :

- Fich peman
- Bòdwo
- Resi
- Kontra lokasyon
- Deklarasyon yon doktè

Yon manm depatman sèvis sosyal la ap prezan tou nan Odyans Ekitab la pou eksplike desizyon yo pran nan dosye w la. Oumenm oswa moun ki reprezante w la va kapab kesyone temwen w mennen an pou prezante pwòp pwendvi pa w. Epiou oumenm oswa reprezantan w ap kapab kesyone nenpòt temwen ou mennen pou vin ede w.

Si w kwè li nesèsè pou yon avoka ede w nan Odyans Ekitab la, w kapab jwenn sèvis yon avoka gratis lè w rele Asistan Jiridik ou oswa Biwo Sèvis Jiridik. Si w vle jwenn non lòt avoka, rele Asosyasyon Bawo lokal la.

**REMAK :** Si w reklame l, li posib pou yo ranbouse lajan w peye pou transpò piblik, sèvis gadri pou timoun ak lòt depans ki te nesèsè pou pèmèt ou prezan nan Odyans Ekitab la. Si transpò piblik pa t disponib, li posib pou yo ranbouse w lajan ou te oblije depanse pou yon lòt fòm transpò. Si w pa kapab itilize transpò piblik poutèt yon pwoblèm medikal ou genyen, li posib pou yo ranbouse w lajan ou te depanse pou yon lòt fòm transpò. Toutfwa, yo kapab mande w founi yon sètifika medikal.

Si w ap viv nenpòt kote andedan Leta Nouyòk, ou kapab mande yon Odyans Ekitab si ou rele, oswa pa faks, oswa sou Entènèt oswa lè w ekri nan adrès ki annapre a.

**Telefòn :** Nimewo gratis nan tout Leta a pou demann la se : 800-342-3334. Tanpri kenbe avi an nan men w lè w ap rele nou.

**Fakse :** demann pou Odyans Ekitab la bay : 518-473-6735 518-473-6735

**Sou entènèt :** Konplete fòm demann la anliy nan sit entènèt <http://www.otda.state.ny.us/oah/forms.asp>

**LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANNAPRE (Kontinyasyon )**

**Alekri :** Pou avi yo, ekri enfòmasyon yo andedan espas ki rezève pou sa epi voye yon kopi avi a, oswa voye korespondans nan adrès sa a :

**Fair Hearing Section  
NYS Office of Temporary and Disability Assistance  
Fair Hearings  
P.O. Box 1930  
Albany, New York 12201-1930**

*Tanpri kenbe yon kopi kèlkeswa avi a lakay ou*

Si w abite nan Vil Nouyòk, ou toujou kapab fè demann la lè w vizite biwo ki endike annapre a.

**Moun ki vini san randevou** (vil Nouyòk sèlman) Pote yon kopi avi a oswa mande pou yon Odyans konsènan yon zafè kip a baze sou yon avi, pou :

**Office of Administrative Hearings  
Office of Temporary & Disability Assistance  
14 Boerum Place  
Brooklyn, New York  
oswa  
330 W. 34<sup>th</sup> Street, 3<sup>rd</sup> Fl., New York, New York**

**REMAK :** Pou Odyans Ekitab ann ijans vil Nouyòk sèlman – Rele nan 800-205-0110. Pa sèvi ak nimewo telefòn sa a pou okenn lòt ka dijans. Yo pa p resevwa demann ki pa gen karaktè ijans nan nimewo telefòn sa a.

**SI OU VLE KONSILTE DOSYE AVÈK DOKIMAN OU KI NAN ÒDINATÈ :**

Depi w aplike pou yon benefis kupon pou Achte Manje oswa yon lòt èd, yo louvri yon dosye pou w e yo anrejistre l sou konpitè tout eleman ki nan dosye w la. Anjeneral w gen dwa konsilte dosye sa yo. Toutfwa, yo kapab **pa** pèmèt ou konsilte tout dosye yo. Asistan sosyal la kapab eksplike w règleman yo.

Le w fè yon demann ekri pou rapò òdinatè ki konsènen w, lalwa konsènan pwoteksyon entimite pèsonèl ekzije pou ajans Leta Nouyòk yo ekspedye dosye w yo ban w **oswa** eksplike w rezon ki fè yo pa p kominike w dosye w yo; oswa enfòm w yo resevwa demann ou an epi y ap etidye pou konnen si w gen dwa pou resevwa dosye w yo nan yon peryòd ki pa depase senk (5) jou apre yo resevwa demann w a.

**KONSÈNAN TRAVAY :**

Si w pa dakò w kapab travay, se pou w enfòm depatman lokal sèvis sosyal si w kwè se pou yo ekzante patisipe nan aktivite travay. Depatman lokal sèvis sosyal va enfòm w sa yo decide konsènan demann ekzanpsyon a. Si depatman lokal sèvis sosyal la pa dakò avèk w, ou gen dwa fè demann pou yon Odyans Ekitab pou eksplike yon Jij Dwa Administratif rezon pouki w kwè w pa kapab travay.

Si yo mande w patisipe nan yon aktivite travay pou biwo ki okipe kupon pou Achte Manje, yo kapab ede w fè fas ak kèk depans ki gen pou wè avèk travay la. Yo kapab ba w tou yon èd pou soulaje w avèk depans pou swen timoun.

**SI YO SISPEKTE W AP FÈ FWÒD**

Si w dekouvri y ap ankete sou w poutèt asistan sosyal la kwè w pa t di laverite osijè dosye w la, pito w konsilte yon avoka. Si yo yon tribunal penal akize w poutèt ou fè fwòd asistans sosyal, tribinal la ap asiye yon avoka pou l defann w gratis si w kalifye.

### **LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANNAPRE (Kontinyasyon )**

#### **KÒM APLIKAN OSWA BENEFISYÈ BENEFIS KOUAPON POU ACHE MANJE, OU GEN SÈTEN RESPONSABILITE.**

##### **RESPONSABILITE KI GEN POU WÈ AK TRAVAY POU MOUN KI RESEVWA KOUAPON POU ACHE MANJE :**

Amwens ou ekzante avèk obligasyon pou w travay, antan aplikan oswa benefisyè Benefis Kouapon pou Achte Manje se pou w obsève kèk règleman, ikonpri pou w patisipe nan aktivite travay epi pou w aksepte yon djòb. Asistan sosyal ou pral eksplike règ sa yo.

##### **Si w pa obsève règleman avèk obligasyon pou travay la, w kapab pèdi Benefis Kouapon pou Achte Manje.**

- Gen plizyè ekzanpsyon pou patisipe nan obligasyon travay selon ekzijans règleman kouapon pou Achte Manje yo. Mande asistan sosyal la si w kalifye pou youn nan ekzanpsyon yo. Yo gen dwa mande w dokimantasyon pou jistifye demann ou an.

Si w pa ekzante ak patisipasyon nan aktivite travay epi ou pa obsève ekzijans pou travay la, se posib pou w pèdi Benefis Kouapon pou Achte Manje w yo. Dire tan w pa p benefisyè avèk benefis yo depann dire tan w pa t obsève obligasyon pou patisipe nan aktivite travay la.

#### **RESPONSABILITE ADISYONÈL AK EGZIJANS POU MOUN KI RESEVWA BENEFIS KOUAPON POU ACHE MANJE KI SE ADILT SAN ANDIKAP KI PA GEN OKENN MOUN KI SOU CHAJ YO (ABAWDS)**

Si w se yon moun ki enskri ki anfòm fizikman, yo kapab mande w pou reponn lòt ekzijans pou w elijib pou resevwa Benefis Kouapon pou Achte Manje. Asistan sosyal la va eksplike w ekzijans sa yo ansanm ak ekzanpsyon pou ekzijans sa yo.

Si w se yon moun ki enskri pou travay e w pa ekzante, w ap kalifye sèlman pou resevwa Benefis Kouapon pou Achte Manje pandan twa mwa toulè 36 mwa amwens w ranpli ekzijans siplemantè yo.

Si w vle resevwa Benefis Kouapon pou Achte Manje apre limit twa mwa a, se pou w mande asistan sosyal la pou l fè w jwenn yon travay ki fasilite kalifikasyon w oswa ba w opòtinite pou ou fè yon aprantisaj.

Si w pèdi elijibilite w pou Benefis Kouapon pou Achte Manje poutèt w pa t ranpli ekzijans siplemantè yo pandan twa mwa oswa pandan plis tan pandan w t ap resevwa Benefis Kouapon pou Achte Manje yo, w gen posibilite pou retabli elijibilite w nan plizyè fason. Asistan sosyal ou pral esplike kijan pou fè sa.

##### **RESPONSABILITE POU PRAN YON LÒT RANDEVOU LÈ OU PA T ALE NAN PREMYE ENTÈVYOU A :**

Antan aplikan oswa Benefisyè Kouapon pou Achte Manje, si w te rate yon entèvyou, epi ou pa vle pèdi Benefis Kouapon pou Achte Manje a, ou gen responsabilite pou pran yon lòt randevou pou entèvyou a, anvan 30 jou pase apre dat premye entèvyou a.

##### **RESPONSABILITE POU FOUNI PRÈV**

Lè w ap aplike pou resevwa èd, y ap mande w pou founi kèk prèv konsènan sèten bagay. Asistan sosyal la ap di w kilès nan bagay sa yo w **oblige** pwouve. Tout prèv sa yo pa nesesè pou tout pwogram yo. Se posib w dwe pwouve yon bagay pou yon pwogram men bagay sa a pa nesesè pou pwouve pou yon lòt pwogram.

Si w mennen prèv avèk ou depi premye vizit ou te fè lè w ap aplike pou èd la, se posib pou w resevwa èd la pi bonè.

Si w remèt dokimantasyon nan depatman lokal sèvis sosyal la, ou ta dwe reklame yon resi pou pwouve kilès dokimantasyon ou te remèt. Resi a fèt pou etabli nan non w, liste dokimantasyon espesifik ou te remèt la, lè a, dat la, non distri oswa awondisman an ak non asistan sosyal ki remèt ou resi a.

### **LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANNAPRE ( Kontinyasyon )**

Si w pa kapab founi prèv ou bezwen yo, mande asistan sosyal la pou li ede w. Si depatman lokal sèvis sosyal la deja posede prèv kèk bagay ki pa chanje, tankou nimewo sekirite sosyal w, w pa bezwen pwouve yo ankò.

Si asistan sosyal la enfòme w li nesese pou w founi pyès siplemantè ak lòt enfòmasyon pou yo sa deside si yo kapab ede w, se pou w founi prèv sa yo. Si w pa kapab jwenn dokiman ak enfòmasyon sa yo, asistan sosyal la dwe eseye ede w.

### **ELIJIBILITE MOUN KI PA SITWAYEN AMERIKEN**

Anpil etranje ki pa sitwayen Ameriken kalifye toutfwa pou Benefis Koupon pou Achte Manje. Menm si w pa kalifye, pitit ou kapab kalifye. Benefis Koupon pou Achte Manje pa ta dwe afekte sityasyon imigrasyon w ki gen pou wè ak nenpòt desizyon USCIS ap pran konsènan kesyon imigrasyon w la.

Ou kapab elijib pou Benefis Koupon pou Achte Manje si w se yon sitwayen Ameriken ki fèt Ozetazini, yon resòtisan Ameriken (moun ki fèt nan Samoa Ameriken oswa nan Swain Island men ki pa sitwayen Ameriken), oswa yon etranje ki kalifye. Yon etranje ki kalifye pou resevwa koupon pou Achte Manje se :

1. yon Endyen Ameriken ki fèt Kanada ki gen omwen 50 pou san ras Endyen Ameriken selon seksyon 289 Law konsènan Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act - INA), oswa
2. Yon manm yon tripi Endyen ki se yon tripi Endyen Gouvènman Federal rekonèt ofisyèlman (25 U.S.C. (450b(e))), oswa
3. Yon etranje ki antre Ozetazini kòm HMONG oswa Highland Laosyen ansanm ak madanm li ak pitit li ki anba chaj li, oswa
4. Yon refijye yo admèt konfòmman ak atik 207 INA, oswa
5. Yon etranje yo bay azil konfòmman ak atik 208 INA, oswa
6. Yon etranje yo deside difere depòtasyon I, konfòmman ak atik 234(h) INA jan lwa a te ann aplikasyon anvan 1ye avril 1997, oswa difere konfòmman ak atik 241 (b) (3) INA oswa
7. Yon etranje ki rantre antan patisipan Kiben oswa Ayisyen, oswa
8. Yon etranje ki viktim yon trafik konfòmman ak atik 103 (8) nan Lwa konsènan pwoteksyon viktim trafik, oswa
9. Yon etranje ki nan sèvis aktif fòs lame Lèzetazini oswa, yon veteran benefisyè yon dechaj onorab, madanm yo ak timoun ki anba chaj li, e madanm ki pa t marye ak timoun ki anba chaj li ki pa marye yon manm aktif oswa yon veteran ki mouri, oswa
10. Yon etranje yo rekonèt kòm Amerizyen, oswa
11. Yon etranje yo admèt legalman pou rezide anpèmanans konfòmman avèk Lwa INA e ki rezide depi 5 ane, oswa
12. Yon etranje an libète siveye pou omwens yon ane, konfòmman ak atik 212 (d) (5) Lwa INA, e ki rezide depi 5 ane, oswa
13. Yon etranje oswa yon paran oswa pitit yon etranje – yo bat, oswa ki sibi anpil move tretman pandan li Ozetazini anba men yon manm fanmi li epi ki te antre Ozetazini anvan 8/22/96 oswa ki rezide de pi 5 ane san li pa t janm klandesten, oswa
14. Etranje yo kapab elijib tou pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje si :
  - Yo te anrejistre legalman pou rezidans epi yo te touche oswa yo kapab kredite yo ak 40 trimès travay ;
  - Yo nan yon sityasyon jiridik ki dekri anlè a ki pèmèt yo kalifye epi resevwa sèten benefis pou moun ki andikape oswa ki avèg;
  - Yo nan yon sityasyon jiridik ki dekri anlè a ki pèmèt yo kalifye epi yo gen mwens pase 18 ane ;
  - Dat 22 Aout, 1996 yo t ap rezide legalman Ozetazini epi koulye a yo avèg oswa andikape, yo gen anpil laj, oswa yo te fèt anvan 22 Aout, 1996.

**RESPONSABILITE POU ENSKRI NAN SISTÈM IDANTIFIKASYON DIJITAL OTOMATIZE (AFIS) – ÈSKE SE VRE POU KOUPON MANJE YO?**

Si w ap aplike, oswa w deja ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje, yo kapab mande w pou ou antre oswa pou w patisipe nan sistèm idantifikasyon dijital otomatize a si w se yon adilt 18 ane daj oswa plis oswa si w se chèf fanmi a.

